

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Bangsa Indonésia beunghar ku rinéka kabudayaanna. Kabudayaan anu diwariskeun sacara turun-tumurun sahingga ngabalukarkeun kaunikan tina kabudayaan masih aya di jaman kiwari. Wewengkon hiji jeung wewengkon séjénna tangtu miboga kabudayaan nu béda-béda, kaasup kasenianana. Kasenian minangka salasahiji unsur-unsur universal kabudayaan lian ti sistem religi, sistem jeung organisasi kamasarakatan, pangaweruh, basa, sistem pakasaban, jeung sistem téhnologi (Koentjaraningrat, 2004, kc. 2). Kasenian nyaéta maniféstasi tina kabudayaan salaku hasil karya manusa anu ngawengku, seni tari, seni musik, seni rupa, jsb (Rizali, 2012, kc. 1). Kasenian minangka cicirén hiji wewengkon nu kudu dimumulé boh ku masarakat boh ku pamaréntah sangkan teruss mekar jeung teu diaku ku bangsa séjénna. Kasenian ogé mangrupa fitrah ti Allah SWT pikeun kagiatan nu patalina jeung kamampu kréatif dina ngungkapkeun kaéndahan, bebeneran jeung kahadéan.

Kasenian moal bisa leupas tina kabudayaan sabab ieu hal patali jeung *pranata* atawa *institution*. *Pranata atawa institution* nyaéta tingkah paripolah manusa nu berpola tur raket patali jeung kabudayaanna. *Pranata* mibanda tilu wujud kabudayaan nya éta kahiji wujud ide, kadua wujud kalakuan jeung katilu wujud fisik tina kabudayaan. Sakabéh paripolah manusa nu berpola, tangtu miboga sababaraha fungsi dina minuhan kabutuhan hirup manusa. Aya dalapan kelompok *pranata* kabudayaan minangka kabutuhan hirup manusa salasahijina nya éta *aesthetic and recreations institutions* anu miboga udagan jeung fungsi minuhan kabutuhan manusa pikeun ngaéksprésikeun rasa kasugemaan sarta mibanda rékréasi. Contona saperti seni rupa, seni sora, seni tari, seni drama, kasusasteraan, olahraga jeung nu séjénna luyu jeung pamadegan (Koentjaraningrat, 2004, kc. 17). Ku kituna ngaliwatan seni, kabudayaan bisa mekar. Salasahijina dina seni tari manusa bisa ngébréhkeun éksprési nu dirasa boh kabungah, boh kaambek, boh

kasedih, boh kasusah, jsb. Ngaliwatan seni tari kaéndahan bisa dirasa sahingga bisa nyumponan kasugemaan diri.

Dina tiap tarian miboga sisi kaéndahan nu khas. Nurutkeun Yunus (1989, kc. 2) tari nyaéta bagéan tina bentuk – bentuk, jeung seni (kasenian) minangka bagéan tina kabudayaan manusa. Nurutkeun Soedarsono dina (Yunus, 1989, kc. 3) tari mangrupa éksprési jiwa manusa nu diébréhkeun dia wangun gerak nu ritmis jeung éndah. Tari minangka kumpulan gerakan nu jadi hiji beungkeutan minangka bagéan tina kabudayaan manusa tur miboga harti nu kagambar ngaliwatan éksprési jeung imajinasi hiji jalma sabada miboga harti simbolis dina wujud gerakan awak manusa. Ieu hal miboga makna nu ngabentuk ajén - ajén pikeun ditepikeun ka nu séjénna luyu jeung pamadegan Indrayuda dina (Nuraeni & Zaliluddin, 2021, kc. 2) ngaliwatan tari daérahna séwang séwangan ajén-inajén kabudayaan bisa tumuwuh dina jiwa barudak, Ku kituna pengenalan tarian daérah mampuh ngabentuk ajén-inajén budak luyu jeung budaya bangsa.

Di jaman kiwari, hususna tari tradisional dianggap salaku hiji hal nu teu nuturkeun jaman serba modern atawa biasa disebut hal nu buhun. Saupama nilik kana kahirupan loba pisan bangsa deungeun nu asup ka wewengkon Jawa Barat saperti budaya Koréa nu geus sumebar dimamana. Padahal masih aya boh kasenian boh adat istiadat nu kudu diguar pikeun dipikawanoh ku jalma réa. Contona nya éta kasenian wanda tari tradisonal anu kurang kairut sarta kurangna pangaweruh kana kasenian sorangan. Ieu hal luyu jeung panalungtikan Rahayu (2018, kc. 3) ayana rasa teu hayang ngigelkeun tari tradisonal ieu hal kudu ditungkulan, salasahijina ku cara ngawanohkeun deui tari-tari tradisional hususna ka para nonoman.

Kasenian khas ti Kabupatén Sumedang nyaéta Tari Umbul minangka salahiji kabudayaan nu sumebar di jaman kiwari nu kudu diwanohkeun ka para nonoman hususna dina dunya atikan ngaliwatan bahan pangajaran. Tari Umbul asalna ti Dusun Parugpug, Desa Cijambé, Kecamatan Paséh anu munggaran aya dina taun 1940-an. Tari Umbul kaasup kana tarian rakyat. Pungsina ngumpulkeun masarakat harita anu tujuana nya éta pikeun média hiburan. Anapon anu jadi ciri khas tina Tari Umbul nya éta maké kacamata hideung sarta penarina ibu-ibu tapi sok aya ogé budak leutik nu ngigelkeun ieu tari. Ilaharna pintonan Tari Umbul sok

aya dina acara milangkala Kota Sumedang, 17 Agustus, peresmian salasihiji tempat jeung acara gedé séjénna. Sanajan di jaman kiwari Tari Umbul miboga versi nu béda-béda tapi tetep ngagunakeun gerakan-gerakan kakhasan tina Tari Umbul.

Dina kasenian Tari Umbul tangtu miboga ajén-inajén, kaasup ajén palasifah jeung makna sajarah nu kudu dipikanyaho ku masarakat hususna nonoman Sunda. Lolobana mah masarakat ngan saukur nyaho hungkul kana kasenian tapi teu mikanyaho kana ajén - ajén nu nyangkaruk dina kasenian hususna ajén éstétikana. Kurangna pangrojong ti masarakat jeung mahabuna sasalad COVID-19 dina dua taun katukang ngabalukarkeun Tari Umbul teu bisa dipagelarkeun, kitu ogé kasenian séjénna anu sarua geus teu bisa dipagelarkeun deui.

Hakékatna budaya miboga ajén – ajén nu bisa diwariskeun, ditapsirkeun jeung dilakukeun sairing proses parobahan sosial masarakatna. Éksisténsi budaya jeung rinéka ajén-inajén luhur kabudayaan nu dipiboga ku bangsa Indonésia mangrupa sarana dina ngawangun karakter warga nagara, boh ngawangun karakter pribadi boh ngawangun karakter publik (R. Yunus, 2013, kc. 65). Ngawangun karakter bangsa kudu matalikeun jeung sakabéh pihak boh kulawarga, boh lingkungan sakola, boh masarakat. Gawé bareng jeung sakabéh pihak diperlukeun dina ngawangun karakter bangsa moal. Ku kituna ngawangun karakter bangsa perlu dilakukeun di luar sakola atawa masarakat luyu jeung kaarifan budaya séwang séwangan.

Patalina jeung éstétika filsuf Amerika, George Santayana dina (Kartika & Perwira, 2004, kc. 14) nétélakeun yén éstétika pakaitna jeung larapna ajén-inajén. Ajén mangrupa salasihiji hal anu alus, dipikahayang, nu dianggap penting ku manusa minangka anggota masarakat (Yunianti, 2015, kc. 21). Ajén-inajén nu dimaksud mibanda kaéndahan nu sipatna positip. Tari Umbul mibanda kaarifan budaya khas Sumedang anu miboga ajén-inajén saperti ajén moral, ajén agama, ajén sosial jeung ajén éstétika. Luyu jeung anu ditétélakeun ku Setiadi dina (Yunianti, 2015, kc. 21) yén disebut miboga ajén lamun bisa mangpaat (ajén bebeneran), éndah (ajén éstétika), étis (ajén moral), réligius (ajén agama).

Ku kituna Tari Umbul jadi asét nu kudu dimumulé ku masarakat Jawa Barat. Minangka upaya ngamumulé ieu kasenian, panalungtik ngawanohkeun Tari Umbul

ngaliwatan dunya atikan hususna pikeun bahan pangajaran di sakola. Tujuanna sangkan para siswa bisa mikawanoh tur ngaapresiasi kasenian daérah di Kabupatén Sumedang. Bahasan Tari Umbul di Kabupatén Sumedang bisa dijadikeun salasahiji alternatif pikeun bahan ajar di SMA sabab luyu jeung KIKD pangajaran basa Sunda dina milih bahan ajar nu nyampak dina Kurikulum 2013 Kompetensi Dasar (KD) 3.5. menganalisis isi, struktur, dan aspek kebahasaan teks artikel berbahasa Sunda jeung 4.5 menulis artikel sederhana berbahasa Sunda denga memperhatikan struktur dan penggunaan kaidah kebahasaan.

Nurutkeun Luis Kastoff dina (Kartika & Perwira, 2004, kc. 9) nétélakeun yén éstétika minangka cabang filsafat nu patalina jeung batasan rakitan (*structure*) jeung perasaan (*role*) tina kaéndahan dina hiji karya seni hungkul. Sedengkeun Nurutkeun Stolniz dina (Agung, 2017, kc. 3) nétélakeun yén éstétika lain saukur ngeunaan kaéndahan hungkul tapi kagorénganna ogé. Luyu jeug Gadamer dina (Agung, 2017, kc. 3) yén éstétika ditangtukeun ku kabungahan jeung hasil tina pangamatan indra. Nurutkeun Kant dina (Kartika & Perwira, 2004, kc. 24) éstétika téh sipatna teu waé kudu subjéktif sabab tujuan seni lain masalah kasugemaan ceuk sorangan, tapi kalayan objéktif nu hartina representasi seni nu jadi ukuranna. Tina sababaraha pamadegan éstétika diluhur raket patalia jeung panalungtikan nu rék dilaksanakeun nyaéta ngaguar ngeunaan éstétika, tapi aya bébédana dina objék nu ditalungtikna nyaéta dina Tari Umbul di Kabupatén Sumedang nu nyindekel kana téori Kant nu disaluyukeun jeung konsép pangajaran.

Panalungtikan anu medar ngeunaan Tari Umbul salaku objékna can aya nu maluruh sedengkeun panalungtikan nu patali jeung ajén éstétika réa dilaksanakeun ku mahasiswa Program Studi Pendidikan Bahasa Sunda pikeun skripsi diantaranya nya éta “*Ajén Éstétika dina Kasenian Ibing Jaipong di Padépokan Sekar Panggung Désa Pasanggrahan Kacamatan Ujung Berung Kota Bandung pikeun Bahan Pangajaran Di SMP Kelas VIII*” hasil panalungtikan SD Silviana (2018). “*Ajén Estétika dina Kasenian Penca Silat Paguron Mekar Pusaka Wangi di Kelurahan Gegerkalong Kecamatan Sukasari Kota Bandung pikeun Bahan Pangajaran Maca Bahasan di SMA Kelas XII*” hasil panalungtikan Firman Sidik (2017). “*Perancangan informasi Tari Umbul Tradisinal Asal Sumedang Melalui Media*

Buku Fotografi” hasil panalungtikan Anggu Ilman (2020) mahasiswa Universitas Komputer Indonesia.

Nilik kana judul skripsi nu geus ditalungtik, loba nu nalungtik ajén éstétika dina kasenian tapi can aya nu nalungtik ngeunaan ajén éstétika dina Tari Umbul pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya. Ku kituna dumasar kasang tukang nu geus ditétélakeun di luhur ieu panalungtikan dijudulan “Ajén Estétika dina Tari Umbul di Kabupatén Sumedang pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII “ perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

1. kumaha sajarah tina Tari Umbul di Kabupatén Sumedang?;
2. kumaha gelarna Tari Umbul di Kabupatén Sumedang?;
3. ajén-inajén éstétika naon waé nu nyampak dina Tari Umbul di Kabupatén Sumedang?; sarta
4. kumaha larapna tina hasil panalungtikan nu dijadikeun bahan alternatif pikeun pangajaran di SMA Kelas XII?.

1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal panalungtikan hakékatna miboga udagan nu dihontal. Ku kituna ieu panalungtikan miboga udagan nu diébréhkeun di handap ieu nyaéta :

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panulisan skripsi bisa digunakeun pikeun ngadéskripsikeun ajén- inajén nu nyangkaruk dina Tari Umbul sarta bisa dijadikeun bahan pangajaran artikel budaya di sakola tur méré informasi kasenian ka masarakat umum.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana rumusan masalah diluhur, sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun :

1. sajarah jeung kamekaran Tari Umbul ngaliwatan média artikel budaya.
2. gelarna Tari Umbul di Kabupatén Sumedang.
3. ajén – ajén éstétika dina Tari Umbul.

4. hasil panalungtikan Tari Umbul dijadikeun alternatif bahan pangajaran artikel budaya di SMA Kelas XII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat sacara tioritis jeung sacara praktis, saperti ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa mangpaat pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan kasenian Jawa Barat, disiplin élmu éstétika boh dina pangajaran ngaliwatan artikel budaya nu bisa ngaronjatkeun kaparigelan maca siswa boh masarakat sangkan bisa ngaaprésiasi kasenian Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

1) Pikeun Panalungtik

Ieu kagiatan panalungtikan jadi pangalaman nu berharga dina mikanyaho sajarah ditukang gerakan Tari Umbul nu jadi warisan budaya keur generasi salajengna.

2) Pikeun panalungtik salajengna

Ieu panalungtikan bisa jadi dadasar pikeun panalungtikan lanjutan ngeunaan ajén ajén éstétika dina tari tur bisa ngaronjatkeun rasa cinta kana budaya sorangan.

3) Pikeun siswa

Dipiharep siswa bisa ngaronjatkeun motivasi pikeun aktif dina kagiatan pangajaran sarta bisa ningkatkeun kamampu kaparigelan maca jeung nulis.

4) Pikeun Sakola

Ieu panalungtikan difokuskeun pikeun kelas XII SMA nu museur kana mata pelajaran Basa Sunda salaku objék matérina. Sahingga pamaca, guru atawa pihak séjénna dipiharep bisa ngagunakeun ieu hasil panalungtikan salaku tinimbangan komitmen sakola pikeun ningkatkeun kualitas peserta didik sangkan leuwih hadé.

1.4.3 Manfaat Kawijakan

Manfaat kawijakan dina ieu panalungtikan nya éta pikeun Dinas Pariwisata jeung Kabudayaan (DISPARBUDPORA) Kabupatén Sumedang dipiharep bisa méré kawijakan pikeun para seniman sangkan bisa mekarkeun kasenian asli Sumedang hususna dina dunya atikan.

Saliani éta manfaat isu sosial ieu panalungtikan nyaéta pikeun masarakat Sumedang minangka salasahiji pola ngawariskeun kabudayaan Kabupatén Sumedang ngaliwatan dunya atikan atawa dina lingkungan masarakat.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi disusun jadi lima bab. Bab I bubuka, dina ieu dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, manfaat panalungtikan sarta sistematika tulisan. Bab II ulikan pustaka, dina ieu bab medar ngeunaan kajian nu aya patalina jeung masalah panalungtikan, ti mimiti wangenan kabudayaan, Tari Umbul, jeung bahan pangajaran maca. Bab III métodologi panalungtikan, medar ngeunaan métode panalungtikan, lokasi jeung sumber data, desain panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan jeung analisis data. Bab IV hasil panalungtikan jeung pedara, dina ieu bab medar ngeunaan hasil panalungtikan nya éta sajarah jeung kamekaran, unsur pokok jeung unsur komposisi tari, ajén éstétika Tari Umbul, jeung larapna hasil panalungtikan dia bahan pangajaran maca. Bab V medar ngeunaan kacindekan jeung rékoméndasi pikeun panalungtikan salajengna.